

Khutbah I

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي نَوَّرَ قُلُوبَ أَوْلِيَائِهِ بِأَنْوَارِ الْوَفَاقِ ، وَرَفَعَ قَدْرَ أَصْفِيَائِهِ فِي الْأَفَاقِ ،  
وَطَيَّبَ أَسْرَارَ الْقَاصِدِينَ بِطِيبِ ثَنَائِهِ فِي الدِّينِ وَفَاقَ ، وَسَقَى أَرْبَابَ مَعَامَلَاتِهِ  
مِنْ لَذِيذِ مُنَاجَاتِهِ شَرَابًا عَذْبَ الْمَدَاقِ ، فَأَقْبَلُوا لِطَلَبِ مَرَضِيهِ عَلَى أَقْدَامِ  
السَّبَاقِ ، وَالصَّلَاةِ وَالسَّلَامِ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ الْبَرَّةِ  
السَّبَاقِ ، صَلَاةً وَسَلَامًا إِلَى يَوْمِ التَّلَاقِ أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ  
لَهُ ، شَهَادَةً صَفَا مَوْرِدُهَا وَرَاقَ ، نَرْجُو بِهَا التَّجَاةَ مِنْ نَارِ شَدِيدَةِ الْإِحْرَاقِ ، وَأَنْ  
يَهُونَ بِهَا عَلَيْنَا كَرْبُ السِّيَاقِ ، وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ أَشْرَفُ الْخَلْقِ  
عَلَى الْإِطْلَاقِ ، الَّذِي أُسْرِيَ بِهِ عَلَى الْبَرَّاقِ ، حَتَّى جَاوَزَ السَّبْعَ الطَّبَاقِ أَمَّا  
بَعْدُ ، عِبَادَ الرَّحْمَنِ ، فَإِنِّي أُوصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ الْمَنَّانِ ، الْقَائِلِ فِي كِتَابِهِ  
الْقُرْآنِ : يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اجْتَنِبُوا كَثِيرًا مِّنَ الظَّنِّ إِنَّ بَعْضَ الظَّنِّ إِثْمٌ وَلَا  
تَجَسَّسُوا وَلَا يَغْتَبَ بَعْضُكُمْ بَعْضًا أَيُحِبُّ أَحَدُكُمْ أَنْ يَأْكُلَ لَحْمَ أَخِيهِ مَيْتًا  
فَكَرِهْتُمُوهُ <sup>قل</sup> وَاتَّقُوا اللَّهَ إِنَّ اللَّهَ تَوَّابٌ رَّحِيمٌ

Ma'asyiral Muslimin rahimakumullah

Monggo kito ningkataken takwo dumateng Gusti Allah kanti nindakaken sedoyo perintahipun lan nebihi sedoyo awisanipun. Setunggale cara ningkataken takwo nggih meniko kelawan njogo paseduluran antawis sederek mukmin lan kekancan sae kaliyan tiyang lintu ingkang sebongso lan tunggal negoro.

Gusti Allah sampun dawuh:

إِنَّمَا الْمُؤْمِنُونَ إِخْوَةٌ فَأَصْلِحُوا بَيْنَ أَخَوَيْكُمْ وَاتَّقُوا اللَّهَ لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُونَ

Artosipun: Anging pestine wong mukmin iku dadi sedulur antarane dulur liyane, podo takwoho siro kabeh marang Allah, menowo siro kabeh pikantuk kawelasan saking Allah (Al-Hujurat: 10)

Ma'asyiral Muslimin rahimakumullah

Menyambut warsa politik ing pemilu 2024, kita sampun milai dipun segahaken kalih sacacah tayangan ing pinten-pinten media kekait kaliyan agenda pesta demokrasi kasebat, mboten kejawi ing media sosial, sampun wiwit kesebar warni-warni informasinipun. bab kasebat nedahi kawontenan ingkang sae kangge setunggaling nagari ingkang njunjung asas demokrasi.

Nanging, salah setunggal dampak negatif saking agenda 5 taunan punika inggih punika kepripun gampangipun salah setunggaling tiyang nggih ing gesang nyata utawi media sosial, wiwit mbikak aib ingkang mboten sepaham kalih piyambakipun, mbalang tudingan, pados kelepatan tiyang sanes, lan menyebarkan /memviralkan lan malah ngarah dhateng fitnah lan kebohongan.

Magayutan babagan punika, Allah SWT sampun paring peringatan ing Al-Qur'an:

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اجْتَنِبُوا كَثِيرًا مِّنَ الظَّنِّ إِنَّ بَعْضَ الظَّنِّ إِثْمٌ وَلَا تَجَسَّسُوا  
وَلَا يَغْتَبَ بَعْضُكُمْ بَعْضًا أَيُحِبُّ أَحَدُكُمْ أَنْ يَأْكُلَ لَحْمَ أَخِيهِ مَيْتًا فَكَرِهْتُمُوهُ <sup>قل</sup>  
وَاتَّقُوا اللَّهَ إِنَّ اللَّهَ تَوَّابٌ رَّحِيمٌ

Artinya: "Hei wong-wong kang podo iman, jauhilah akeh-akeh saka prasangka, amarga sabenero saperangan saka prasangka iku yaiku dosa lan aja sira golek kaluputan lan aib wong liya lan aja sira ngandha (ghibah) saperangan kang liya. apa sira remen mangan daging sadulure kang wis mati? mula wis tamtu kowe duwe ras risi karo kae. (pramila, jauhilah larangan-larangan kang kasebut) lan takwaa marang allah. sabenero allah maha nrima tobat lagi maha asih." (QS Al-Hujurat: 12)

Selaras kalih larangan allah swt kasebat, Rasulullah ﷺ ugi nglarang mengumbar aib tiyang sanes. sakepripon sabdanipun :

إِيَّاكُمْ وَالظَّنَّ فَإِنَّ الظَّنَّ أَكْذَبُ الْحَدِيثِ وَلَا تَجَسَّسُوا وَلَا تَحَسَّسُوا وَلَا تَبَاغَضُوا وَكُونُوا إِخْوَانًا

"jauhilah dening sira kabeh prasangka, kasebab prasangka iku ungkapan kang paling dusta. lan aja sira kabeh golek aib wong liya, aja uga padha-padha menebar sengit lan dadia kowe kabeh wong-wong kang podo seduluran" (HR al-Bukhari).

### Ma'asyiral Muslimin rahimakumullah

Supados kita saged nebihi saking ngumbar aib tiyang sanes, wonten 2 prekawis ingkang saged dados pepenget kita :

**Pertama**, kejawi ngemut-emut ayat lan hadits ingkang sampun khatib waos lan terangkan ing awal, rasa batin kita tamtu mboten wonten tiyang ingkang kajeng[badhe] aibipun kesebar. kelebet diri kita piyambak. Mila, saderengipun kita nggadahi niat awon kangge nyebaraken aib tiyang sanes, kedah kita renungkan menawi kita wonten ing posisi tiyang ingkang disebar aibipun.

Wonten hadis lintu dipun dhawuhaken:

لَيْسَ الْمُؤْمِنُ بِالطَّعَانِ وَلَا اللَّعَانِ وَلَا الْفَاحِشِ وَلَا الْبَدِيِّ

Artosipun: Tiyang mukmin kang sempurno imane iku ora ahli nyacat, ora ngelaknat, ora gunem olo, lan ora ngucap olo (HR. Tirmidzi)

**Kedua**, kita ugi kedah ngemut-emut keutamaanipun tiyang-tiyang ingkang nutup aib tiyang sanes. Rasulullah saw bersabda:

وَمَنْ سَتَرَ مُسْلِمًا، سَتَرَهُ اللَّهُ فِي الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ

"Sopowonge nutupi aib wong muslim, Allah arep nutupi aibnya ing dunia lan akhirat" (HR Muslim).

Rasulullah ugi nate dhawuh;

عَنْ أَنَسٍ قَالَ قَالَ رَسُولُ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ طُوبَى لِمَنْ شَغَلَهُ عَيْبُهُ  
عَنْ عُيُوبِ النَّاسِ

Dari sahabat Anas bin Malik radhiyallahu 'anhu, Rasulullah ﷺ bersabda, "tenan bejo pawongan kang sibuk karo aibe dewe saengga lali karo aib wong liya."(HR. Al Bazzar)

Tiyang gesang ing donya puniki, kelebet kita, mesthi nate lampah dosa utawi kelepatan ingkang saged ndadosaken kita lingsem sanget, menawi dipun ngertosi dening tiyang sanes. kita saged ketinggal sae ing mripat tiyang sanes nggih namung[naming] amargi rahmat allah, ingkang nutupi aib kita. mila sak mampu kita ngupaya kangge nutup aib dhiri kita piyambak, ugi tiyang sanes.

Monggo dosa ingkang kelajeng nate kita lampahaken, dados wasilah panedha ampunan lan nyaketaken diri dhateng] allah swt. Inshaallah dosa-dosa kita badhe lebur kanthi ngatah-ngatahi lampah kesaenan.

### Ma'asyiral Muslimin rahimakumullah

Kedah kito pahami sareng-sareng, bilih babakan milih calon pimpinan pasti wonten perbedaan, ananging ampun ngantos bedo pilihan niki nyebabaken pecah seduluran, kerukunan, lan persatuan.

Pramilo, monggo kito sareng-sareng njogo kerukunan, persatuan lan nebihi perkawis ingkang nyebabaken perpecahan antawis sedulur Islam, kranten sejatine umat Islam niku ciri-cirine rukun lan mboten gampang uring-uringan lan sesatron. Mugi-mugi kito sedoyo dipun paringi pitulung saking Gusti Allah ingatase njogo kerukunan meniko, amiin ya robbal alamin.

Mekaten khutbah singkat ini, mugi manfaat tumrap kita sedaya. Mugi2 Allah taala paring kita kekiyatan kangge ngamal kesaenan, serta nebihaken kita saking prekawis ingkang saged dhatengaken maksiyat lan madharat. Amin Ya Rabbal Alamin.

بَارِكْ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ، وَنَفَعَنِي وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيهِ مِنَ الْآيَاتِ  
وَالذِّكْرِ الْحَكِيمِ، وَتَقَبَّلَ اللَّهُ مِنِّي وَمِنْكُمْ تِلَاوَتَهُ، إِنَّهُ هُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ،  
أَقُولُ قَوْلِي هَذَا وَأَسْتَغْفِرُ اللَّهَ الْعَظِيمَ لِي وَلَكُمْ وَلِسَائِرِ الْمُسْلِمِينَ  
وَالْمُسْلِمَاتِ فَاسْتَغْفِرُوهُ إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ

\*) Rujukan/Sumber tulisan : NU online

